ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩIКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ

ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№124 (21.032) ● 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 28, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къанокъуэ Арсенрэ Мутко Виталийрэ зэпсэлъащ

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей къэралыгъуэм зэрыхыхьэрэ илъэс 450-рэ зэрырикъур гъэлъэпIэным пыщIа Iуэхухэр зи нэIэ щIэт федеральнэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и лIыкIуэхэм я гъусэу иджыблагъэ Налшык щыIащ Урысей Футбол Зэгухьэныгъэм (РФС) и унафэщI Мутко Виталий. Ар иригъэблэгъащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен икIи ахэр тепсэлъыхьащ республикэм футболым зыщегъэужьыным теухуа Iуэхугъуэхэм, абы щхьэкIэ лэжьыпхъэхэм, нэгъуэщIхэми.

ПСАЛЪЭМ папщIэ, Налшык дэт 31-нэ курыт еджапIэм Iэрыщ «алэрыбгъу» зэрылъ топджэгу губгъуэщIэ къыщызэIуахыну зэгурыIуащ. Ар ирагъэхьэлIэнущ фокIадэм республикэм щагъэлъэпIэну гуфIэгъуэ махуэхэм.

ИужькIэ Мутко Виталийрэ Къанокъуэ Арсенрэ «Спартак-Налшык» командэм и хэщIапIэмрэ республикэ стадионымрэ щыIащ, клубым и унафэщIхэм, тренерхэм, футболистхэм яIущIащ. Командэм и генеральнэ директор Балэ Владимир къызэрыджиIамкIэ, ахэр тепсэлъыхьащ «Спартак-Налшыкыр» зэрыхуа щытыкIэ гугъум къикIыжын папщIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм, нэгъуэщIхэми.

Псалъэм папщIэ, ди командэм къигъэлъэгъуащ чемпионатым и зэIущIэхэр езыгъэкIуэкI судьяхэм я нэхъыбэм я лэжьыгъэм нэфI-ней зэрызэрахьэр, абы и зэранкIэ клубхэр щытыкIэ гугъум зэрихуэр. Iуэхум теухуауэ Мутко Виталий жиIащ апхуэдэ ныкъусаныгъэхэр зэрыщыIэр, икIи ахэр нэ хъ мащIэ ящIын щхьэкIэ арбитрхэм я лэжьыгъэр ткIийуэ къызэрапщытэр, зи къалэнхэр зыхуэмыгъэзащIэхэр судьяхэм я корпусым зэрыхагъэкIыр. Апхуэдэ бгъэдыхьэкIэм щытыкIэр нэхъ тэмэм ищIын хуейуэ РФС-м и лIыщхьэм къилъытащ.

Къанокъуэ Арсен футболистхэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ, нобэ турнир таблицэм «Спартак-Налшыкым» щиIыгъ увыпIэм щхьэкIэ я лъэр щIамыгъэхуну, атIэ ерыщыгъэ халъхьэу Iуэхур ягъэзэкIуэжыну. Иджыри зэман щыIэщ, щытыкIэ гугъум къикIыфын папщIэ. Апхуэдэуи КъБР-м и Президентым и фIэщ мэхъу «Спар так-Налшыкым» екIуу чемпионатыр зэриухынур. Абы футболистхэр къигъэгугъащ япэм хуэдэуи сыт и лъэныкъуэкIи ядэIэпыкъуну, уеблэмэ етIанэгъэ командэм и бюджетыр нэхъ ин яхуищIыну.

ЗэIущIэм и ужькIэ Мутко Виталий «Спортыр наркотикым и бийщ» сабий зэхьэзэхуэм хэта футбол командэхэм фэеплъ тыгъэхэр яритащ.

ИСЛЪАМ Алий.

●Махуэшхуэхэр

Гукъинэж хъуат

ДИ ГАЗЕТЫМКIЭ щыгъуазэ фызэрытщIащи, 2007 гъэм Прохладнэ курыт еджапIи 10-р къэзыух ныбжьыщIэ 430-м я гуфIэгъуэ пшыхьыр къалэ стадионым щекIуэкIащ. Я махуэшхуэр ядигъэлъэпIэну еджакIуэхэм, абыхэм я адэ-анэхэм, егъэджакIуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ абы щIыгъу хьэщIэхэмрэ зэрахуеблэгъар икъукIэ гуапэ ящыхъуащ прохладнэдэсхэм.

Бостей щхъуэкIэплъыкIэхэр зыщыгъ пщащэ тхьэIухудхэр, щIалэ къуданхэр, къэфакIуэ цIыкIухэр екIуу щызэхэта пщыхьэщхьэр школыр къэзыухахэми, абыхэм яужь къинахэми, егъэджакIуэхэми, кIэщIу жыпIэмэ пшыхьым кърихьэлIа псоми гукъинэж ящыхъуащ.

ШЫПШ Даянэ.

Сурэтхэр МАМИЙ Руслан трихащ.

●КъБР-м и Парламентым

Лъыр щIэгъуэтыгъуейр

РЕСПУБЛИКЭМ законхэр къыдэзыгъэкI и органым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и зэIущIэм иджыблагъэ щыхэплъащ узыншагъэр хъумэным пыщIа Iуэху зыбжанэм. Депутатхэр тепсэлъыхьащ медицинэм и IэнатIэм хьэрычэт лэжьыгъэр зэрыщекIуэкIым, сымаджэхэр лъыкIэ къызэгъэпэщыным пыщIа гугъуехьхэм, хьэлъэу сымэджахэм я узыншагъэр санаторэ, курорт IуэхущIапIэхэм зэрыщызэфIагъэувэжым.

Комитетым и зэIущIэр зэрекIуэкIам теухуа тхыгъэ щхьэхуэ ди газетым тетынущ.

●ХъыбарегъащIэ

Мы гъэм бадзэуэгъуэм и 5-м КъБР-м и Парламентым и Унэм «стIол хъурей» щызэхыхьэнущ «Потребительскэ, мэкъумэш кооперацэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зыщегъэужьыным пыщIа гугъуехьхэр» Iуэхум теухуауэ. ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэт 14-рщ.

ФыщIэупщIэ хъунущ 40-42-48, 42-56-75 телефонхэмкIэ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.

Беслъэней Чэмал Машэ и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и къалэнхэр зэрызыщхьэщихыжым теухуауэ итха лъэIум и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Унафэ

2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 25-м *№118/19-1*

Налшык къалэ

«Урысейм и аграрнэ парт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и спискэм хэту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутату хаха Беслъэней Чэмал Машэ и къуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и къалэнхэр зэрызыщхьэщихыжым теухуауэ лъэIу къызэритхам къыхэкIыу, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэр хэхыным и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 76 статьям и пункт 7-м ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм **унафэ ещI:**

1. «Урысейм и аграрнэ пар т» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и республикэ спискэм хэту Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым хаха депутатым и мандат хуит къэхъужар Хуламхановэ Елизаветэ Ибрэхьим и пхъум етын.
2. Мы Унафэр цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм къыщытедзэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и УнафэщI

ЗУМАКУЛОВ Борис

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ХэхакIуэ комиссэм и Секретарь

ПАНТЕЛЕЕВЭ Валентинэ

●Аруан куей

Жыг хадэхэр къэгъэщIэрэщIэж

"2008 ГЪЭМ дытехьэху жыг хадэхэр къэгъэщIэрэщIэжын" федеральнэ программэр и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэрым бгылъэ щIыпIэхэм жыг хадэхэр щыгъэкIынымкIэ и институтым ди щIыналъэм тещIыхьа езым и программэ щхьэхуэ зэхилъхьауэ щытащ. Абы къызэригъэлъагъуэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэхъыбэу къыщызэгъэпэщын хуейщ жыг лъэпкъыфI щагъэкI опытнэ хозяйствэхэр. ИджыпстукIэ ди щIыпIэм апхуэдэу итыр тIу къудейщ: ПсыкIэху, Старэ Шэрэдж плодопитомникхэрщ. Ди республикэм и жылагъуэ псоми жыг хадэхэр щызэфIэгъэувэжын зэрыхуейр къэплъытэмэ, ар мащIэщ.

Старэ Шэрэдж дэт пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр гъэкIыным елэжь IуэхущIапIэр къатщтэмэ, жыг зытет щIыуэ гектар 230-рэ иIыгъщ. Абы язынынкъуэхэм пхъэщхьэмыщхьэ хъарзынэ къарет, гъэтIысыпхъэу къагъэкIа жыгыщIэ цIыкIухэри яIэщ. ЖыгыщIэхэр жыг хадэ гъэкIыным елэжьыну хуей мэкъумэш предприятэхэм, уней хозяйствэхэм, бэджэндырылажьэхэм иращэ. "Старэ Шэрэдж и жыг хадэхэр" ООО-м нобэ щылажьэр цIыху 23-рэщ.

Абы нэхърэ нэхъыбэ IэнатIэкIэ къызэрагъэпэщыну Iэмал яIэкъым. Ауэ гъатхэ - гъэмахуэ лъэхъэнэм пIалъэкIэ цIыху 200-м нэблагъэ къащтэ. Иджыпсту IуэхущIапIэм и лэжьыгъэр мыIейуэ зэтеубла хъуа пэтми, лъэпощхьэпо гуэрхэри ямыIэу щыткъым: сыт щыгъуи хуэдэу дагъэгъэсыныпхъэр, жыгхэм тракIэ хущхъуэгъуэхэр зэпэубыдащ икIи лъапIэщ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Президентым и тыгъэр - ветераным

●Гулъытэ

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и Президент Къанокъуэ Арсен мы гъэм Лэскэн районым щыкIуам урыхудэсхэми яхуэзауэ щытащ. Абы щыгъуэ куей администрацэм и Iэтащхьэ ЛIыхъугу Хьэжмурид Президентым жриIат автомашинэ псынщIэ къылъысын папщIэ и чэзум тхылъыр зымытыфа нэхъыжьыфI зэраIэр.

Мазищ иримыкъу нэхъ дэмыкIыу, мэкъуауэгъуэм и 23-м, Урыху къуажэм щыпсэу, Хэку зауэшхуэм хэта, илъэс 35-м щIигъукIэ курыт школым щезыгъэджа Кугъуэтыж МутIалиб ТIытIу и унагъуэм яхуеблэгъащ район администрацэм и Iэтащхьэ ЛIыхъугу Хьэжмурид, абы и къуэдзэ Бажэ Дотий, куей администрацэм и Iуэхухэр зезыхьэ Кугъуэтыж Артур, къуажэ администрацэм и унафэщI Блий Амир сымэ. ЗытекIухьар Iуэху дахэт - Къанокъуэ Арсен и тыгъэр а нэхъыжьыфIым етыжынрат.

«Республикэм и Президентыр зи псалъэм тетыж цIыхущ. Абы и щыхьэтщ нобэ дыщIызэхыхьа Iуэхур. Пщэрылъ къытщащIар дгъэзащIэу, дэ дыкъыпхуэкIуащ Къанокъуэ Арсен и тыгъэр - «ВАЗ» - 2107 автомашинэ псынщIэр - уэттыжыну. Президентым и цIэкIэ, си щхьэм къыбгъэдэкIыу къэблэжьа тыгъэмкIэ сынохъуэхъу», - жиIэри, ЛIыхъугу Хьэжмурид автомашинэ псынщIэм и IункIыбзэIухыр МутIалиб IэщIилъхьащ.

Илъэс 87-рэ зи ныбжь нэхъыжьыфIымрэ абы и щхьэгъусэ Бижанрэ быних зэдапIащ, гъуэгу захуэ трагъэхьащ. Дэтхэнэри я адэ-анэм я жыIэ тетщ, зи пщIэрэ нэмысрэ зыIыгъыж цIыхухэщ. Илъэс 57-рэ хъуауэ зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэпсэу зэщхьэгъусэхэм я гъащIэр къабзагъэм, гъэсэныгъэм, дуней тетыкIэ дахэм я щапхъэщ. Президентым и тыгъэ лъапIэр щратым ар мызэ-мытIэу къэпсэлъахэм къыхагъэщащ.

КъыхуащIа пщIэм, гулъытэ лъагэм папщIэ езы МутIалиби республикэм и лIыщхьэм, районым и унафэщIхэм фIыщIэ ин яхуищIащ, я IэнатIэ мытыншым ехъулIэныгъэ щаIэну ехъуэхъуащ.

УЭРКЪУАСЭ Владимир.

Лэскэн район.

Сурэтыр тезыхар **ЕЛЪКЪЭН Артурщ.**

КъулькъужынИпщэ дэт амбулаторэр, ди гуапэ зэрыхъунщи, ефIакIуэ зэпытщ. ЦIыху мащIэкъым мыбы къекIуалIэр, зыгуэр мыарэзыуэ къыщIэкIыжуи фIэщ щIыгъуейщ. Абы иджыблагъэ къыщызэIуахащ къуажэдэсхэр икъукIэ зыщыгуфIыкIа УЗИ-м хухэха пэшыр. Ар и фIыщIэщ амбулаторэм илъэс 40 хъуауэ щылажьэ, абы и дохутыр нэхъыщхьэ Емкъуж Ахьмэд.

●ХъыбарыфI

ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу

КЪАТИТIУ зэтет амбулаторэр нэгъабэ зэрахьащ, пэшхэр зыхуей хуагъэзэжащ. Узыншагъэр егъэфIэкIуэным папщIэ зыхуэныкъуэ Iэмэпсымэ псомкIи пэшхэр къызэгъэпэщащ. ФIыщIэ куэд хуэфащэщ къуажэдэсхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуэарэзы, жэщ-махуэ имыIэу зи лэжьыгъэ IэнатIэм псэ хьэлэлкIэ бгъэдэт Емкъужым. Абы и дэIэпыкъуэгъу нэсщ амбулаторэм и лэжьакIуэхэу Емкъуж Марие, Дыгулыбгъу Марьят, ШэрыIужь Мадинэ, Къумыкъу Маргаритэ, Iэхъ уэбэч Iэмирэт, Нэхущ Ларисэ, КIэщт Людмилэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

КIУЭКIУЭ ХьэIишэт.

Адыгэ хьэрычэтыщIэхэм я зэхуэс

АДЫГЕЙ. *Республикэм и лIыкIуэ гуп Тыркум, Иорданием, Сирием иджыблагъэ щыхьэщIащ. Абы къриkIуам теухуауэ щыпIэ правительствэм къыщыпсэлъащ Адыгейм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкIэ и министр МатIыжь Аслъэн.*

МИНИСТРЫМ къызэрыхигъэщамкIэ, абыхэм я къалэн нэхъыщхьэу щытар а къэралхэм щыпсэу адыгэ хьэрычэтыщIэхэм, къулыкъущIэхэм, депутатхэм яхуэзэнырт, адыгэхэм я экономикэ зэхуэсышхуэу дызэрыт илъэсым Мейкъуапэ щекIуэкIынум ахэр къегъэблэгъэнырт.

Адыгейм и лIыкIуэхэм здэщыIа къэралхэм щагъэлъэгъуащ республикэм и инвестицэ проектхэр, экономикэ зэфIэкIхэр икIи зэгурыIуэныгъэ щхьэхуэхэр зэращIылIащ.

Апхуэдэуи ахэр щыхьэщIащ Иорданием и телевиденэм. Абы и унафэщIыри щылажьэхэм я нэхъыбэри адыгэщ. МатIыжь Аслъэн къызэрыхигъэщамкIэ, Иорданием и пащтыхьыр телевиденэм и лэжьыгъэмкIэ арэзыщ, адыгэхэр я къалэным зэрыхуэпэжым къыхэкIыу. Мурад щыIэщ Адыгеймрэ Иорданиемрэ я телевиденэхэр зэрызэдэлэжьэнум теухуа зэгурыIуэныгъэ Мейкъуапэ щызэращIылIэну.

«Сыхъум» хьэщIэщыр

АБХЪАЗ. «*Сыхъум» хьэщIэщыр зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр мы махуэхэм йокIуэкI. Абы трагъэкIуэда ахъшэр «Группа «Русский капитал» фирмэм къыбгъэдэкIащ.*

АБХЪАЗЫМ и къалащхьэм дэт хьэщIэщ нэхъыфIхэм хабжэ «Сыхъум» и теплъэм къыпхуэмыцIыхужыну зихъуэжащ. Блынджабэхэм сэху дахэ иратащ, унащхьэхэр яхъуэжащ, шхын гъэхьэзырыпIэхэм унэлъащIэ екIухэр, IэмэпсымэщIэхэр щIагъэуващ. Бассейным, кафе-бархэм, шхапIэщIэхэм я бжэхэр мыгувэу къызэIуахынущ.

Нэхъыжьхэм ечэнджэщу

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Урысей Ипщэм и щIыналъэхэм я хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэм я зэщIэзыгъэуIуэ советым и зэIущIэ иджыблагъэ Домбай щекIуэкIащ.*

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ щIыналъэхэм я хабзэхъумэ IэнатIэхэм я нобэрей лэжьыгъэр зыхуэдэм, ахэр зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм.

Апхуэдэуи я IэнатIэм къыщыхэжаныкIа милиционерхэм зэIущIэм щратащ ЩIыхь тхылъхэр, саугъэт лъапIэхэр, «ЩIыхьрэ напэрэ» бгъэхэIу дамыгъэр, нэгъуэщIхэри.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Дунейм щхьэхьэгъэх

Иджы етхуанэрэ

Москва и мэр Лужков Юрий дыгъуасэ аргуэру (иджы етхуанэу) и къулыкъур иратыжащ.

Ар апхуэдэу зэрыхъунум шэч гуэри хэлътэкъым. «Зыуэ щыт Урысейм» и депутатхэу къалащхьэ парламентым куэдкIэ щынэхъыбэхэм (псори зэрыхъу 35-м щыщу 28-р а партым щыщхэщ) жаIат Лужков аргуэру зэрыхахыжынур. Езы Президент Путин Владимири зы мазэ хуэдиз и пэкIэ жиIат Лужков Юрий къэкIуэну зэманми зэфIигъэкIыну лэжьыгъэшхуэ къызэрыпэплъэр. Аращи, дыгъуасэрей Iэ Iэтым кърикIуэнур псоми ящIэрт.

Лужков Юрий махуэ зыбжанэ и пэкIэ депутатхэм я пащхьэм къыщыпсалъэм къыхигъэщхьэхукIащ Москва и бюджетым и зэхуэдитIыр псэуныгъэм ехьэлIа Iуэхухэм зэрытригъэкIуэдар.

Урысейр зи телъхьэр

УФ-м нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ и министр Лавров Сергей КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIэщ.

Ар Тель-Авив щепсэлъащ Израилым и премьер-министр Ольмерт Эхудрэ нэгъуэщI къэрал IуэхухэмкIэ министр Ливни Ципирэ. Лавров жиIащ Палестинэм ехьэлIа къаугъэм а автономием и Iэтащхьэ Аббас Мыхьмуд и лъэныкъуэр Урысейм зэрыщыдиIыгъыр.

ИужькIэ министрыр Аббас хуэзэн мурадкIэ Рамалла кIуащ.

Лейуэ къаIэрыхьа хэхъуэр

Дыгъуасэ Федерацэ Зэхуэсым и Ищхъэрэ палатэр хэплъащ мы гъэм и япэ илъэс ныкъуэм УФ-м и бюджетым лейуэ къыIэрыхьа хэхъуэр IэнатIэхэм тегуэшэным пыщIа Iуэхухэм.

Сом меланд 30 гъуэгухэр зэIузэпэщ щIыным, щIэхэр ухуэным, сом меларди 10 кхъахэ хъуа унэхэм щыпсэу цIыхухэр гъэIэпхъуэным, унэжьхэр зэгъэпэщыжыным хухахащ.

Шэджагъуэм

Дыгъуасэ и шэджагъуэм ирихьэлIэу Блэр Тони иухащ Инджылызым и премьер-министр къулыкъур зэрызэрихьэну пIалъэр.

Ар правительствэм и унафэщIу пIалъэ кIыхькIэ - илъэси 10-м щIигъукIэ - лэжьащ, иджы текIын хуей хъуащ лейборист партым къыдыхэтхэм къызэрытракъузэм къыхэкIыу.

Инджылызым властыр щыIэрыхьащ премьер-министр хъуа Браун Гордон.

Мурад бзаджэхэм хуэлажьэу

США-м и ЦРУ-м сэтей къищIащ а щэхурылажьэ IуэхущIапIэм ехьэлIа Iуэху зыкъом.

Абы хыболъагъуэ ЦРУ-р ем и IэщакIуэу сыт щыгъуи зэрыщытар. Иракым атом бомбэ иIэ хуэдэу абы «къихутахэр» тегъэщIапIэ ищIри, США-р Иракым теуащ, ауэ иужькIэ абы къита хъыбар псори пцIы зэфэзэщу къыщIэкIащ.

Апхуэдэу ЦРУ-р куэдрэ (езы Кастрэ Фидель зэрыжиIамкIэ, 700-м щIигъурэ) хэтащ Кубэм и унафэщIыр иукIыну. Ауэ ар къехъулIакъым. Мис абыхэм, нэгъуэщI Iуэху куэдыкIейхэм щыгъуазэ дещI езы ЦРУ-м и жэрдэмкIэ къыдагъэкIа тхылъым.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 28-м, *махуэку*

- ♦Украинэм и къэрал гуфIэгъуэщ - Конституцэм и махуэщ (1996).
- ♦Мэкъуауэгъуэм и 28 - бадзэуэгъуэм и 1-хэм Стокгольм (Швецие) щекIуэкIынущ Щхьэ узыр джынымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и XII конгрессыр.
- ♦Мэкъуауэгъуэм и 28 - 30-хэм Пекин (КНР) щагъэлъэгъуэнущ Жьым и къарур къызэрагъэсэбэпым теухуа дунейпсо выставкэ.
- ♦Илъэс 50 и пэкIэ (1957) къалъхуащ Болгарие Республикэм и президент Пырванов Гергий.
- ♦Илъэс 430-рэ и пэкIэ къалъхуащ фламанд сурэтыщI цIэрыIуэ Рубенс Пауль Питер (1577 - 1640).
- ♦Илъэс 295-рэ и пэкIэ къалъхуащ франджы тхакIуэ икIи философ, сентиментализмэм и лъабжьэр зыгъэтIылъа Жан Жак Руссо (1712 - 1778).
- ♦Илъэс 65-рэ и пэкIэ Москва гуузу щыхэкIуэдащ Белоруссием и цIыхубэ усакIуэ Купалэ Янкэ (Луцевич И.Д.) (1882 - 1942).
- ♦Илъэс 15 и пэкIэ лIащ шахматист, дунейпсо гроссмейстер, дунейм и 8-нэ чемпион, СССР-м хэнейрэ и чемпион Таль Михаил (1936 - 1992).
- ♦**Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 26-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 55-м.**
- ♦**Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 29-рэ.**

Мэкъуауэгъуэм и 29, *мэрем*

- ♦**Дунай и махуэщ**. 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 29-м Дунай хъумэным икIи зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпыным теухуа декларацэм Софие Iэ щытрадзащ.
- ♦Москва щекIуэкIынущ «Газпром» ОАО-м и акционерхэм я зэIущIэшхуэ.
- ♦Мэкъуауэгъуэм и 29 - бадзэуэгъуэм и 7-хэм Карловы Вары (Чехие) щекIуэкIынущ 42-нэ дунейпсо кинофестивалыр.
- ♦Франджы кхъухьлъатэзехуэ, тхакIуэ Сент-Экзюпери де Антуан (1900 - 1944) къыщалъхуа махуэщ.
- ♦**Дыгъэр къыщIэкIынущ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 27-м, къухьэжынущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 55-м.**
- ♦**Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 28-рэ.**

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

[illegible]

Жыгыр зыгъэдахэр пхъэщхьэмыщхьэрщ, щIыхур зыгъэдахэр и IуэхущIафэрщ.

www.smikbr.ru сайтыр къыщIэдгъэщ

КъБР-м Щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и министерствэм щыгъуазэ фещI www.smikbr.ru интернет-сайтыр зэрылажьэм. Абы къэралым IэщIэлъ «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Советская молодежь», «Горянка» газетхэр, «Iуащхьэмахуэ», «Минги-Тау», «Литературная Кабардино-Балкария» журналхэр къыщыдэкIым ирихьэлIэу электрон теплъэ яIэу иралъхьэ. Иджы хэт дэнэ щыпсэуми, зыхуей газетым е журналым езым и анэдэлъхубзэкIэ еджэну Iэмал иIэщ.

[illegible]

●КъБР-м и прокуратурэм

Затын щамыдэм

Бадзэуэгъуэм и 27-м сыхьэти 7-рэ дакъикъи 10-м, Налшык ЩоджэнцIыкIум и уэрамым тет унэ №42-м деж, УФ-м и ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм къэрал дамыгъэхэр зытемылъ ВАЗ-2109 автомашинэм и гъунэгъуу щытхэу къагъуэтащ нэхъапэм илэжьа щIэпхъаджагъэ хьэлъэхэм щхьэкIэ дуней псом къыщалъыхъуэ Уэдыжь Руслан рэ дин экстремизмэм и лъэныкъуэ Т.-рэ.

IЭЩЭХЭМРЭ гранат зэхэмкIэ зэщIэузэдахэм зыкъатыну хуагъэува щхьэкIэ, ядакъым. Зэхэуэм Уэдыжьымрэ Т.-мрэ щаукIащ, ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэр фэбжьыншэу мы Iуэхур зэфIэкIащ.

ЩIыпIэр къыщащым къагъуэтащ Макаровым и кIэрахъуэ (КъБР-м и МВД-м и ИЦ-м къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 14-м УФ-м и ФСКН-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм щадыгъуащ), зи лIэужьыгъуэр зэхамыгъэкIа кIэрахъуэ, шитI щIыгъуу, РОГО гранатэу 1, IэрыщI къагъауэ Iэмэпсымэу 3.

Абы теухуауэ республикэ прокуратурэм УФ-м и УК-м и 317-нэ статьям (хабзэхъумэ органым и лэжьакIуэр псэзэпылъхьэпIэ зэрыригъэхуам къыхэкIыу), УФ-м и УК-м и 222-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм (хабзэм къемызэгъыу Iэщэрэ Iэщэ Iэмэпсымэхэмрэ хъумэныр, къехьэкIыныр) япкъ иткIэ, уголовнэ Iуэху къиIэтащ. Ар зэхигъэкIыну къалэн щащIащ республикэ, Налшык къалэ прокуратурэхэм Iуэхугъуэ нэхъ хьэлъэхэр зэхэгъэкIынымкIэ я къудамэм и следователхэр зыхыхьэ гупым.

НЭУЖЬОКЪУЭ Татьянэ.

Экономикэ
Кавказ Ищхъэрэ
Политикэ
Жылагъуэ Іуэху

МАХУЭКУ

● Обозревателым и псалъэ

ІэнатІэшхуэм хэт сымэ щІэбэнынур?

Урысейр зи чэзу по литикэ Іуэхушхуэ хэм хохьэ. Зи гугъу тщІыр махуэ къэс нэхъри къэблагъэ хэхыныгъэхэрщ. Ди дежкІэ ахэр тІуащІэу щытынущ. Япэ щІыкІэ мы гъэм и кІэухым У Ф-м и Къэрал Думэм и депутатх эр хахынущ, етІанэгъэ хэхакІуэхэр хэдэнущ УФ-м и Президентым и кандидату зыкъэзыгъэлъэгъуахэм. Дызэресэжам тету жытІэнщи, а Іуэхугъуит Іми ди къэралым и дежкІэ гъащІэ мыхьэнэ иІэнущ. ЗэманкІэ зэпэщІэхами, зи гугъу тщІы хэхыныгъэхэр къуэпс быдэхэмкІэ зэпыщІащ. Къэрал Думэм бжыпэ щызыубыд партыр зи телъхьэрщ президент хъунур зэлъытар.

ПАРЛАМЕНТ х эхыныгъэхэм ку эдкІэ щогугъ нэхъ лъэкІыныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ политикэ партхэр. Ахэр бэнэныгъэм хохьэ Іэмал зэмыщхьхэр къагъэсэбэпурэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, «Зыуэ щыт Урысейм» ищхъэрэ палатэм Іэмал зэриІэкІэ тІысыпІэ нэхъыбэ (арыншами, ар адрейхэм зэратекІуэнур белджылыщ) щиубыдын папщІэ щІыналъэхэм щригъэкІуэкІ лэжьыгъэр щІигъэхуэбжьащ. Ар абы гугъу емыхьыщэу къохъулІэ: губернаторхэм я нэхъыбэр властым и партым хэтщ. Сыт щыгъуи хуэдэу бэнэныгъэм хуэхьэзырщ компартри. ГъэщІэгъуэнщ, ау э ар зытет Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм зэхъуэкІыныгъэ инхэр ягъуэтащ. Иджы абы нэхъапэхэм хуэдэу рынок экономикэр, хьэрычэтыщІ лэжьыгъэ сыт ху эдэри иубыжыркъым. АтІэ, и Іуэху еплъыкІэхэр Кремлым и унафэщІхэм ирагъэкІуэкІ политикэм гъунэгъу хуищІащ. Ижь Іуэху еплъыкІэхэм быдэу тет, КъухьэпІэмкІэ зэпымыууэ еплъэкІ СПС-м (Ижь къарухэм я зэкъуэтыныгъэ) ищІар нэгъуэщІщ. Иужь лъэхъэнэм сыт хуэдэ хэхыныгъэхэми зи Іуэху къыщимыкІа партым езым и къыхуеджэныгъэхэм хегъэхьэ сэмэгу зэщІэхъееныгъэр зытет Іуэху еплъыкІэхэр, нэгъуэщІу жыпІэмэ, «плъыжьыфэ» зытрегъауэ. Жириновскэм и ЛДПР-р сыт щыгъуи хуэдэу щогугъ езым и телъхьэу куэд щІауэ къекІуэкІхэм, ауэ ари хуабжьу хущІокъу Кремлыр зыгуэркІэ кьыдихьэхыну. Иджыри къэс зи гугъу тщІыхэр зи программэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэзылъхьэ партхэрщ. Ауэ ФедерацэмкІэ Советым и спикер Миронов Сергей и «Захуагъэ зыхэлъ Урысей» партыр зэг уэр къыхиха икІи ехъулІэныгъэ пыухыкІа къыхуэзыхьа гъуэгум къытекІыркъым. Адрей партхэм «сектэкІэ» едж э Явлинский Георгий и «Яб локо» партыр щІохъуэпс ипэІуэкІэ зыхэмыхуауэ щыта Парламентым игъэзэжыну.

ЗэрыгурыІуэгъуэщи, хэхыныгъэхэм япэ къиху э бэнэныгъэм нахуэ у зэрыщІидзэу, а псоми цІыху къызэрыгуэкІхэр фІыгъу э мыухыжкІэ къэгъэгугъэнущ. Псоми я нэр къикІ ху эдэщ Іэ яхуэзыІэт а хэ хакІуэ хэм, Урысейм и цІыху псоми еш ямыІэу ях уэ лэжьэну. Ауэ дэ дощІэ сыт хуэдэ партми къызэригъэгугъахэр зэримыгъэзэщІэжым папщІэ жэуап гуэри зэримыхьыр. Абыхэм ящыщ куэдым я дежкІэ нэхъыщхьэр депутат мандатырщ. ИтІанэ зэрыхъум хуэдэу лэжьэнщ.

Мыпхуэдэхэм деж хабзэу зэрыщыуващи, зи гугъу тщІы бэнэныгъэм нэхъ япэ щрагъэщыр псэукІэр егъэфІэкІуэным епха Іуэхухэрщ. А ІэнатІэр ди деж х уабжьу къыщыкІэроху. Мис ар къагъэсэбэпыну псом япэу хущІокъу парт нэхъ инхэр. «Зыуэ щыт Урысейм», псалъэм и хьэтыркІэ, къегъэув лэжьапщІэ нэхъ мащІэ дыдэр упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу узыху ейм зрамылъэфыхьу пагъэхъуну, пенсэхэр улах уэ хэм я процент 40-м нагъэсыну. Нэхъ Іуэху зыубгъуахэр къыхалъхьэ КПРФ-ми, «Захуагъэ зыхэлъ Урысейми», нэгъуэщІхэми. Иджыпстуи белджылыщ екІуэкІыну парламент хэхыныгъэхэм егъэщІылІа бэнэныгъэр цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным тегъэщІауэ зэрыщытынур.

Ардыдэр хужыпІэ хъунущ етІанэгъэ къытпэплъэ президент хэхыныгъэхэми. Илъэс мин ещанэм дунейр щыхыхьам къэралым и Іэтащхьэ хъуа Путин Владимир хэлъыфІыхьащ ипэІуэкІэ хуабжьу хэутэн икІи лъэрымыхь хъуауэ щыта ди къэралыр къызэфІэгъэувэжыным. Иджы Урысей Федерацэр дунейпсо утыкум лъэ быдэкІэ щыщыт, къыщалъытэ къэралщ. Пэжщ, зэфІэмыхьа, зэфІэмыгъэкІа Іуэху куэд щыІэщ, ауэ итІани урысейхэм я нэхъыбэр, шэч хэмылъу, ху ейт дяпэкІи Путиныр УФ-м и Президенту ялъагъуну. Ауэ зы шэч гуэри къытомыхьэу жыпІэ хъунущ апхуэдэ къызэрымыхъунур. Ар езы Путинми нэхъапэм зыкъомрэ жиІащ икІи мазэ зыбжанэ и пэкІэ быдэу щыпиупщІащ: 2008 гъэм Урысейм щыхахын хуейщ президентыщІэ. Абы сыт хуэдэ щхьэусыгъуэкІи къэралым и Конституцэр къызэпиудынукъым. Иджырей хэхыныгъэхэм хэмытми, президент къулыкъум зэгуэр те увэжынуи къыщІэкІынукъым. Германием щыщыІам журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритурэ, абы жиІащ: «Апхуэдэу къызыщыбгъэхъу хъунущ. Ауэ ар къыфІэщІыныгъэ къудейщ. КъыкІэлъыкІуэ хэхыныгъэр щекІуэкІыну 2012 гъэр жыжьэІуэщ. Сэ абы сегупсысыххэркъым».

Арацщи, урысейхэм къапэщытщ щІэуэ къэралым и Іэтащхьэ хахыну. Хэт ар? А упщІэм и жэуапыр къалъыхъуэ куэдым, псом хуэмыдэу зи къэкІуэнур абы елъыта политикхэм, хьэрычэтыщІхэм, къулыкъущІэхэм, нэгъуэщІ къэралхэм щыщ унафэщІхэм.

Иджыри къэс кандидат нэхъыщхьэр Иванов Сергейуэ къалъытэурэ къекІуэкІащ. Иужь зэманым ар махуэ дэмыкІыу телевизорхэм къохьэ, кхъухьлъатэхэр, кхъухьхэр, те хнологие лъагэ зиІэ Іэмэпсымэхэр, гъуэг ухэр ухуэным теухуа проектышхуэхэм тепсэлъыхьу, ахэр пхигъэкІыну хущІэкъуу. Апхуэдэ дыдэу телеэкраным куэдрэ щыдолъагъу УФ-м и премьер-министрым и япэ къуэдзэ Медведев Дмитрий. Хэбгъэзыхьмэ, ар зэгуэр Иванов япэ итащ, арщхьэкІэ тІэкІукІэ къыкІэрыхуащ езым зэригъакІуэ Іуэхухэр къэралым мис а и тІасхъапІэу щыт псэуныгъэ ІэнатІэхэм зэрелъытам, цІыхухэм ар езыхэм мыхъумыщІэу лажьэу къащохъу министрхэу Зурабовым, Фурсенкэ, нэгъуэщІхэм пыщІауэ къызэралъытэм къыхэкІыу. Иджыблагъэ урысей журналистхэм псы щІыІэ тракІэу къагъэскІа хуэдэщ президенту хахынур зыщІэу къэзылъытэж политикхэр. Абыхэм къата хъыбархэм къазэрых эщамкІэ, УФ-м и Президентым и дэІэпыкъуэгъу Шувалов Игорь Вашингтон щыжиІащ а тІум нэмыщІ ещанэ кандидат щыІэну икІи абы и цІэр УФ-м и Президентым фокІадэм икухэм къриІуэну. Ауэ иужькІэ Шуваловым апхуэдэ гуэри и жьэм къыжьэдэмыкІауэ жиІэри зытригъэхьакъым.

АрщхьэкІэ, сыт хуэдэу щымытами гурыІуэгъуэщ ещанэ кандидати (а тІум языхэзынкІи хъунщ) зэрыщыІэнур. Абы и цІэр къизыІуэнури УФ-м и иджырей президентырщ. Абы и псалъэм мыхьэнэшхуэ дыдэ иІэнущ. Хэбгъэзыхьмэ, апхуэдэ кандидатыр къэралым фІыуэ щамыцІыху политикыу къыщІэкІынкІэ хъунущ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Ельцин Борис блэкІа лІэщІыгъу эм и кІэухым Путин Владимир къэралым и премьер-министру игъэувыну, езы Путиным апхуэдэ дыдэу цІэрыІуэу щымыт Фрадков Михаил Правительствэм и У нафэщІ къу лыкъур иритыну зи гугъар мащІэщ.

Араци, спектакль телъыджэм ещхь политикэ Іуэхухэр къытпоплъэ. Дэ дыщогугъ абыхэм фІы къытхудэкІуэну.

ШАЛ Мухьэмэд.

Петербург щекІуэкІа зэІущІэшхуэм УФ-м и Президент Путин Владимир Дунейпсо сату зэгухьэныгъэр (ВТО) щигъэкъуэншащ а организацэр къызэзыгъэпэща къэралышхуэхэм я сэбэп зыхэлъхэр зэрыпхагъэкІым къыхэкІыу. Абы и лъэныкъуэкІэ щыІэ Іэмал щІэуфахэр мэкъумэш хозяйствэм и щапхъэмкІэ къегъэлъагъуэ экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, УФ-м ЩІэныгъэхэмкІэ и академием США-мрэ КанадэмкІэ и институтым и секторым и унафэщІ Черняков Борис.

● Іуэху еплъыкІэ

Греф и таурыхъхэр

Американхэм ВТО-р езыхэм я сэбэп хэлъу пхагъэкI

Ахэр хуейкъым дэ зыдужьыну

ВТО-м зэрыхыхьэу У рысейм фІэкІуэдынущ ерыскъыпхъэхэмкІэ и шынагъуэншагъэр. Дэ Австралием и гъэшыр «къыттрагъэлъэдэнущ», «Буш и джэд куэпкъхэм» хуэдэу. А зэгухьэныгъэм щызекІуэ хабзэхэм ерагъкІэ къызэфІэувэж хуэдэ хъуа ди мэкъумэш хозяйствэр щІиІубэжынущ.

- Белгород областым фыкІуэт, - къыджеІэ Черняков Борис. - Дэнэ щІыпІи кхъуэщагъэхъу ІуэхущІапІэ инхэр щаухуэ. Ардыдэр хужыпІэ хъунущ Липецк, Кострома, Калугэ, Владимир областхэм.

Иужьрей илъэсиблым мэкъумэш хозяйствэм хуаутІыпщ мылъкур псыхэкІуадэ хъуакъым.

Гъэшу къыщІэтшым и куэдагъымкІэ дэ дахыхьащ Европэм и япэ къэралипщІым, гуэдзымкІэ - дуней псом гъавэ нэхъыбэ дыдэ щызыщэ къэралитхум. Илъэсит Іым дэ джэдылу къэдлэжьым проценти 35-кІэ хэдгъэхъуэфащ! Хьарзынэу зитчащ.

Гъавэ бэви къыдэхъулІэнущ. Урысейм къылъос дунейм гъавэ щІапІэу щыІэм и процент и 10-р, абы щыпсэур щІым цІыхуу тетым я процент и 2,2-рщ. Абы къыдэкІуэу, дунейр къызэрыхуабэм къыхэкІыу, Тундрэр йокІуэт. Абы зэкІэ къызэралъытэмкІэ, гектар мелуани 100-150-рэ къытхущІигъунущ. А бжыгъэр США-м гъавэ щІапІэу иІэм хуэдиз мэхъу.

Дэ ди куэдщ ираф хъу псы. Нэхъыбэ зиІэр Канадэм и закъуэщ, ауэ абы ипсхэр щІыпІэ гугъусыгъухэм хуозэ. А псоми ящІыдгъужынщ ди энергие лъэщагъхэр, минерал щІыгъэпшэрхэмкІэ дызэрыкъулейр. Губгъуэхэмрэ техникэмрэ зыхуей хуэдгъэзэн папщІэ, дотацэхэм дащымысхьмэ (илъэс къэс доллар мелард 15), ерыскъыпхъэ нэхъыбэ дыдэ къэзылэжь къэрал дыхъунущ. Ауэ абы Америкэмрэ КъухьэпІэ Европэмрэ я фейдэ хэлъ?

Къулыкъушхуэ зыІыгъ франджы цІыхубз гуэрым жиІащ езым и мэкъумэш ІэнатІэм, и фІэщу Урысейр иужь ихьэмэ, ар танкым хуэдэу тыншу Европэм зэрыкІуэцІрыкІынур.

Америкэм дэ дыхурикъуфынущ «Буш и лъакъуэхэр» къэтщэхун зэрыщыдгъэту.

США-м бройлер мелларди 9-м нэс къыщалэжь. Абы щыщу мелларди 4-р Урысейм къашэ. Ди къэралыр мыхъуамэ, США-м и ищхьэрэ-къуэкІыпІэ, ипщэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэхэм я джэдыхъуэхэм доллар мелардхэр яфІэкІуэдынут.

Лъэпкъыр зэрыгушхуэ

ВТО-р лъэкІыныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ къэрал къулейхэм папщІэ щыІэ зэгухьэныгъэщ. Ар къызэрагъэпэщащ США-м, Канадэм, ЕС-м хэт къэрал пэрытхэм. Хабзэ нэхъыщхьэхэр езыхэм ягъэуващ. Ахэр абы хэт псоми хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмрэ пхагъэкІыну хуитыныгъэ яІэн папщІэ зэхалъхьа хуэдэщ. Ауэ ипэжыпІэкІэ Америкэм и фейдэ зыхэлъым псоми я фейдэ хэлын хуейщ.

ВТО-м и хабзэхэм ящыщу езым и сэбэп зыхэлъхэм фІэкІа США-р зэрытемытым щыхьэт техъуэ щапхъэхэр гъунэжщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, 1990 гъэхэм къащта унафэхэм япкъ иткІэ, мэкъумэшхэкІхэр, ІэщхэкІхэр къэзылэжьхэм зэрызыщІагъакъуэр илъэси 5-м къриубыдэу процент 20-кІэ къэралышхуэхэм ягъэмэщІэн хуейт. Езы США-мзы центкІэ игъэмэщІакъым. Властхэм жаІащ американ фермерхэр лъэпкъыр зэрыгушхуэу, абы и фІыпІэу.

Ахэр Штатхэм мелуани 2 щохъу (лъэкІыныгъэшхуэ дыдэ зыбгъэдэлъхэщ).

Иужьрей илъэси 3-4-м мэкъумэш хозяйствэм хуаутІыпщ субсидиехэр доллар мелард 20-м щІигъуащ. НэгъуэщІ хэхъуапІэхэри щыІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, фермерхэр хуитщ езыхэм я Іэщыр къэрал хъупІэхэм щагъэхъуну. США-м къэралым езым и пщэ щыделъхьэж энергетикэм, гъуэгухэм пыщІа къалэнхэр.

Нэгъуэщӏ зы щапхъи. Канадэм и гъунапкъэм егъэщІылІауэ США-м иІэщ фошыгъу жэгундэ хьэсэшхуэхэр. Абыхэм къыщалэжь фошыгъуэр хуэди 2,5-кІэ нэхъ лъапІэщ къэрал щІыб рынокым елъытауэ. Ауэ США-м мардэ тхІийхэр щыхуагъэуващ къэралым фошыгъуу кърашэр зыхуэдизым. Сыт щхьэкІэ? Псори къызэрыгуэкІщ. А щІыпІэм щопсэу цІыху мин 500. Заводхэр зэхуащІмэ, псэукІэм пыщІа Іуэху гугъухэр къыкъуэкІынущ.

Европэми мэкъумэшыщІэхэм хуабжьу зыщыщІагъакъуэ. Абы къэралым нэхъ лъапІэу къыщещэху мэкъумэшхэкІхэмрэ ІэщхэкІхэмрэ. Субсидиехэр мыхъуамэ, Европэм и мэкъумэш хозяйствэм зиужьынутэкъым.

Дэнэ дэ дыздэкІуэр?

Американхэм къагупсысащ езыхэм я гъавэр нэгъуэщІ къэралхэм зэрашэ Іэмал куэд. ПрограммитІ щыІэщ: «ЕфІэкІуэныгъэ щыІэн папщІэ ерыскъыпхъэ», «Мамырыгъэ щыІэн папщІэ ерыскъыпхъэ». Зэ еплъыгъуэкІэ гущІэгъу зыхэлъщ: мэжэщІалІэхэр гъавэкІэ къызэрагъэпэщ. Ауэ абы къыдэкІуэу, а къэралхэм щызэтрахуэ хабзэ ткІийм тет американ рынокыр.

«ЗыдэІэпыкъу» къэралыр «къыдэІэпыкъухэм» я бжьым псынщІэ дыдэу щІохуэ. 1980 гъэхэм я зэхуэдит Іхэм СССР-р апхуэдэ Іуэху гуэрхэм хэпщІауэ щытащ. Зыщыгъэгъупщэн хуейкъым: гъавэ тетсэн, Іэщ дгъэхъун зэрыщыдгъэту, дищІхэр цІыхуншэ хъунущ, ахэр нэгъуэщІхэм зэрапхъуэнущ. Псом япэу Китайм пэгъуэнэгъухэр.

ВТО-м хэт къэралхэм япыщІа Іуэхухэм теухуа конгрессхэм УФ-м и министр Греф Герман емызэшыжу щытопсэлъыхь а зэгухьэныгъэм ди мэкъумэш хозяйствэм къыхуихьыну фІыгъуэ мыкІуэщІхэм. Таурыхъ телъыджэхэм ещхьщ. ВТО-р хуитыныгъэ гъунапкъэншэхэр къызэІузыхщ. ВТО-р уи гугъуапІэхэм улъэзэзыгъэІэс лъагапІэщ. Ауэ ебзыщІ абы ипэжыпІэкІэ Урысейм и лъэпкъ аграр политикэр зэригъэкІуэдыр.

Греф жиІэхэр зи фІэщ хъухэм щапхъэу къахь Китайр. Ауэ куэдым ящІэркъым ар а зэгухьэныгъэм щыхыхьа япэ илъэс дыдэм США-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр Китайм зэрыкІуар. Игъэзэжа иужь, абы Вашингтон хуиІуэтащ зыІэрагъэхьа ехъулІэныгъэ хэр: Китайр ВТО-м щыхыхьа япэ илъэсым а Іуэ хум и фІыгъэкІэ США-м и фермерхэм доллар мелардит І яІэрыхьащ.

Куэдым я фейдэ хэлъщ ВТО-м Урысейр икъузыным. Австралием и гъэшыр дыдейм нэхърэ сыт щыгъуи нэхъ пу дынущ. Абы гъэм и зэман псори щыгъэмахуэщ. Дэ ди псэуалъэхэр ямыгъэплъу хъунукъым. Абы папщІэ субсидиехэм ухуейщ. Ауэ хыадрыщІ «ди ныбжьэгъухэм» къыджаІэнщ: хъунукъым. Мексикэм, Новэ Зеландием, абыхэм яхуэдэ къэралхэм яхуэдгъэува хабзэхэм фытетынщ.

Гъунапкъэхэри яхузэІутхын хуейщ тариф мардэ гуэри дымыгъэуву. США-м къытхуригъэшэнущ джэдыкуэхэр. Дэ ВТО-м докІуэ къытпэплъэр дымыщІэу. Ди къэралыр сыт хуэдизкІэ хуитыну езым и къуажэдэсхэм защІигъэкъуэну? Абы и жэуапыр зыщІэнур США-рщ. Дыхыхьэн и пэкІэ илъэсищкІэ зэрыщытам хуэдизу къыщІэкІынщ зэкІэ. Сом мелардй 4-р, лIыгъэ уиІэмэ, пэгъэувыф США-м а Іуэхум хуиутІыпщ доллар мелард 20-м! Ауэ дэ а ахъшэм зы кІэпІейкІи щІедгъэгъуну дыхуитынукъым.

Зытхар
БУДАКОВ Валерийщ,
«Аргументы недели».

● Осетие Ищхъэрэ-Алание

Хьэлэлу икIи нахуэу

Федеральнэ налог ІуэхущІапІэм Осетие Ищхъэрэ-Аланием мелуанырыбжэ 96-рэ къыщигъуэтащ.

ХЭХЪУЭХЭМКІЭ декларацэхэм тепщІыхьмэ, республикэм и цІыху 43-м я хэхъуэр дэтхэнэми хуэзэу сом мелуан мэхъу. ЦІыху 25-м сом мелуани 10 къалэжь, 15-м-мелуани 100. Осетие Ищхъэрэ-Аланием и хьэрычэтыщІи 3-м заумысыжащ хэхъуэу мелуан 500-м нэс зэраІэрыхьэмкІэ. Декларацэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, а мелуаныбжэ псоми хьэрычэтыщІэ лэжьыгъэ хьэлэл ирагъэкІуэкІ икІи налогхэм зыпыІуадзыркъым.

САЮШКИНЭ Нинэ.
«Жизнь» газет.

● Тезыр

Инджылызхэр къогубжь

УФ-м и вице-премьер Жуков Александр и къуэ Петр тезыр ткІий къызэрытралъхьар и Іэужьу къалъытэ Урысейм и лІыкІуэ гупыр Германием щекІуэкІа саммитым зэрыщрамыгъэкІуэтыфам.

Абы и щІыІужкІэ инджылызхэр игъэгубжьащ Путин Владимир япэ щІыкІэ езыхэм я премьер-министр Блэр Тони къыху эзэн зэримыдам.

АРАТИ, Пащтыхь судым и су дыщІэх эр епІэщІэкІащ УФ-м и вице-премьерым и къуэ Петр тезыр ткІий тралъхьэным.

Уеблэмэ, инджылыз куэдми ягъэщІэгъуащ щІалэм апхуэдэ тезыр ткІий къызэрытралъхьар икІи абы политикэ Іуэху халъагъуэ.

Петр гъэмахуэ кІуам Лондон и къуэкІыпІэ лъэныкъуэм щаубыдауэ щытащ илъэс 26-рэ зи ныбжь инджылыз банкир Рэмси Бен зэрезэуам къыхэкІыу. И жьэпкъымрэ дзажэ зыбжанэрэ къутауэ Рэмси сымаджэщым яшащ.

Илъэс 24-рэ зи ныбжь Петррэ апхуэдэу зэхэуэм хэта илъэс 27-рэ зи ныбжь Дашк о Артемрэ я Іуэх ум судыр пІалъэ кІыхькІэ хэплъауэ, зыри зыпэмыплъа унафэ ягъэхьэзыращ: Жуковыр мазэ 14-кІэ лъэхъуэщым исын хуейщ, Дашко - мазэ 18-кІэ.

Вице-премьерым и къуэр къуаншэу къалъытащ, зэрымызэу ар судым жриІа пэ т ми. Ар ІэжьэгъУ хъуа къудейщ. Абы щыхьэт техъуащ удынхэр зытехуа Рэмси.

Абы къыдэкІуэу урысей щІалитІым дэтхэнэми хуэзэу къуэдыуэ доллар мин 15 япшынын хуейщ.

МАНИЛОВЭ Марие.
«Жизнь».

● Палестинэ

ХАМАС зэгухьэныгъэм хэтхэм Газэ щІыпІэр яубыда иужь, Палестинэр зэгуэкІащ зэбий щІыналъитІу. ФАТХ-мрэ Палестинэ лъэпкъ администрацэмрэ я Іэтащхьэ Аббас Мыхьмуд и унафэм щІэт дзэхэм Иордан и къухьэпІэ Іуфэм зыщагъэбыдащ. АрщхьэкІэ щІыналъэхэр пІыгъыныркъым нэхъыщхьэр, атІэ абы щыпсэухэр зыхуей хуэгъэзэнырщ. Мы зэманым Газэ щІыналъэм и цІыхухэм ерыскъыр, псыр хуабжьу къомэщІэкІ. Ахэр нэхъапэми гугъу ехьу щытащ, иджыри кІэ зимыІэ бэлыхь хэхуащ.

● ЦІыхубзхэр

Хиллари и щапхъэм тету

Аргентинэм къыщоблагъэ президент хэхыныгъэхэр. Ахэр къэсыным и пэ къихуэу, къэралым и иджырей Іэтащхьэ Киринер Нестор и цІэ къриІуащ езым и къулыкъур зыІэрыхьэну хуейм.

ЩЫПІЭ газетхэм ящыщ зым интервью щритым, абы тримыгъэчыныхьыщэу жиІащ хэхыныгъэхэм езым и щхьэгъусэ, Буэнос-Айрес и цІэкІэ сенатор Фернандес Кристинэ и кандидатурэр зэрыщыдиІыгъынур.

Президентым жиІар жылагъуэм дежкІэ телъыджэу щытакъым. Пэжщ, иджыри къэс Киринер зэщхьэгъусэхэм ящыщу хэт президентыгъэм хущІэкъунуми ящІэртэкъым. Куэдым къалъытэрт иджырей къэрал унафэщІым а къулыкъум етІуанэ пІалъэкІэ зыхригъэхьыну хущІэкъуну. Ауэ Киринер псалъэуха зытІущкІэ къигъэлъэгъуащ апхуэдэ къызэрымыхъунур.

ЦІыхухэм зэреупщІхэм къызэрагъэлъагъуэмкІэ, 2007 гъэм и жэпуэгъуэм екІуэкІыну президент хэхыныгъэхэм Фернандес Кристинэ и телъхьэу къыщыувынущ Іэ зыІэтынухэм я процент 40-р.

Президентым и щхьэгъусэм илъэситІ и пэкІэ тынш дыдэу Іэрыхьащ сенаторыгъэр. Ар ефІэкІыныгъэ ин дыдэ иІэу текІуат и пэкІэ президенту щытам и щхьэгъусэ Дуальде Хильдэ.

Кристинэ езым и зэфІэкІкІэ Аргентинэм щрагъэщхь къэралым цІыхубз щынэхъ цІэрыІуэ дыдэ Перон Эвитэ. ТІури ерыщщ, жьакІуэщ, зи мурадыр пхызыгъэкІыфІхэщ. Ауэ Эвитэ къэралым сыт щыгъуи къыщалъытэу щытащ зи лъэкІыныгъэкІэ етІуанэ цІыхуу, абы щыгъуэми Кристинэ хузэфІэкІынущ Аргентинэ и Іэтащхьэ хъуну. Езы Кристинэ щапхъэ зытрихыр и хэкуэгъу цІыхубз цІэрыІуэркъым, атІэ мы зэманым США-м и президент къулыкъум щІэбэн Клинтон Хилларищ.

ЗАРИЦКАЯ Даринэ.
«Российская газета».

● ПсэукІэ

Къулейсызхэм я деж нэсыркъым

Урысейм и цІыху нэхъ къулейсыз дыдэхэм - ахэр мелуан 23-мноблагъэ - къэралым къахуиутІыпщ ахъшэм щыщу илъэс къэс сом мелард 45-рэ хуэдиз яІэрыхьэркъым. А ахъшэр зралъэфалІэ зэфІэкІышхуэ зыбгъэдэлъ цІыху къулейхэм.

АР КЪЫЩЫГЪЭЛЪЭГЪУАЩ Урысейм цІыхухэм щхьэхуэ-щхьэхуэу щадэІэпыкъунымкІэ программэхэр гъэзэщІа зэрыхъу щІыкІэм теухуауэ къэхутэныгъэхэр езыгъэкІуэкІа Дунейпсо банкым игъэхьэзыра дэфтэрым.

Банкым и ІэщІагъэлІ Теслюк Эмиль Москва зэрыщыжиІамкІэ, къэхутэныгъэхэр аргуэру щыхьэт техъуащ Урысейм сабийхэм пособиехэр зэрыщрат, псэупІэ субсидиехэр зэрыщыхуаутІыпщ, щІыналъэхэр зэрыдэІэпыкъу щІыкІэр тэмэму зэрызэтемыухуар. Абы щыгъуэми докладым къыхощхьэхукІ урысейхэр псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ хъумэным ахъшэшхуэ дыдэ - ВВП-м и процентих - зэрыхухахыр. Абы щыгъуэми, Экономикэ зэдэлэжьэныгъэмрэ зыужьыныгъэмрэкІэ зэгухьэныгъэм хэтхэм (ОЭСР) яку иту апхуэдэ Іуэхум хухахыр я ВВП-хэм я процентi 2,5-рэщ. «Абы тепщІыхьмэ, Урысейр къэрал хьэлэлщ, ауэ къызэрыщІэкІамкІэ, льготэхэр зыхухахыр къулейсызхэркъым», - жиІащ Дунейпсо банкым и ІэщІагъэлІым.

Ауэ ПсэукІэр зыхуэдэмкІэ урысейпсо центрым и унафэщІ Бобков Вячеслав къилъытащ Іуэхум трагъэкІуадэр зыхуэдизыр ВВП-хэм къахэкІ процентхэмкІэ къабжыныр къемызэгъыщэу. Япэрауэ, гъэтэмэмын хуейщ Урысейм и ВВП-мрэ ОЭСР-м и къэралхэм яйхэмрэ зыхуэдизыр - жиІащ Бобков, - ОЭСР-м и къэралхэм я ВВП-хэм я процентi 2,5-р зэбгъапщэ мыхъуну куэдкІэ нэхъыбэнкІэ хъунущ Урысейм и ВВП-м и процентi 6-м нэхърэ». Апхуэдэу къыхигъэщхьэхукІащ Іуэхур тэмэму зэтраухуэфмэ, а процентi 6-р хуэдитІкІэ зэрагъэмэщІэфынур. Абы къыхэкІыу, жеІэ еджагъэшхуэм, Урысейм къулейсызыгъэр игъэкІуэдыжын папщІэ, езым и гъуэгу къыхихыжын хуейщ. Ар зытещІыхьауэ щытынури хуэмыщІахэм нэхъыфІу зэрадэІэпыкъуну Іэмал зэмылІэужьыгъуэхэр къэгупсысыныркъым, атІэ улахуэхэм хэгъэхъуэнырщ. Урысейм и унагъуэ къулейсызхэм я зэхуэдитІырщ улахуэхэм ирипсэур. Адрейхэр мылэжьэфыну цІыхухэрщ, ныкъуэдыкъуэхэрщ, пенсионерхэм я унагъуэхэрщ, нэгъуэщІу жыпІэмэ, мылажьэхэрщ. Ахэращ щхьэхуэ-щхьэхуэу зыдэІэпыкъун хуейр.

Ауэ Бобков арэзы техъуащ процент 60-р курыт классым щыщ цІыхухэм я жыпым кІуэуэ Дунейпсо банкым зэрыжиІэм. АрщхьэкІэ апхуэдэ мызахуагъэр къызэхэкІыр, псалъэм и хьэтыркІэ, цІыхухэр псэупІэ-коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ я лъэныкъуэкІэ хэхъуэу яІэрыхьэр зыхуэдизыр мыхъуу ЖКХ-м зэрепхарщ. «А унагъуэхэм ящыщ куэд къулейсызу щыткъым. Коммунальнэ ІуэхутхьэбзэхэмкІэ щІатхэр псэупІэм и фІагъым (нэхъ фэтэр зэІузэпэщхэм щІэсхэр зыхуей зыгъуэтхэрщ) трамыщІыхьмэ, дяпэкІи щхьэхуэ-щхьэхуэу ират льготэхэм я нэхъыбэр зылъысынур къулейхэрщ». Абы щыгъуэми, Дунейпсо банкым нэгъуэщІ чэнджэщхэр къыдет. Щхьэтечу жыпІэмэ, программэхэр зэрагъэзащІэр дэнэ щІыпІи кІэлъыплъыныгъэ ткІийм щІэдгъэувэну. «Ауэ абы сэбэп къыпэкІуэнукъым, - жеІэ Бобков. - Япэрауэ, абы къигъэувынущ мониторингым дыхэплъэжыну, къулыкъущІэхэм я лэжьыгъэм нэхъ ахъшэ нэхъыбэ тедгъэкІуэдэну. Нобэ дэІэпыкъуныгъэ папщІэу ят ахъшэр зэрымащІэ дыдэр - сом 1000 - 1500-рэ - къэплъытэмэ, кІэлъыплъыныгъэм зомыгъэубгъуми хъунущ».

Экономист Теслюк Эмиль жиІахэм тепщІыхьмэ, зи гугъу тщІы программэхэр гъэзэщІэным пыщІа лэжьыгъэр езым зыщхьэщихыу федеральнэ правительствэм щІыналъэхэм я пщэ зэрыдилъхьар щыуагъэу къыщІэкІащ. Ауэ Экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ министерствэм и лІыкІуэ Баткибеков Сэид абы и жэуапу жиІащ къалэныр нэхъыбэу зыгъэзащІэн хуейр щІыналъэхэр арауэ. Бобков а тІум я Іуэху бгъэдыхьэкІэхэм я гугъу щищІым къыхигъэщхьэхукІащ псэукІэм ехьэлІа Іуэху псоми щІыналъэхэм (абыхэм я нэхъыбэр дотацэхэр зыхуаутІыпщхэрщ) зэрыпэмылъэщынур. Ауэ абы къикІыркъым а псори федерацэ центрым иратыжын хуейуэ. Бобков къызэрилъытэмкІэ, налог къызэрахах щІыкІэр зэрахъуэкІын хуейщ, щІыналъэхэм хэхъуэ нэхъыбэ яІэрыхьэн хуэдэу. ИтІанэ ахэр я къалэн псоми пэлъэщынущ.

ЗЫКОВЭ Татьянэ.
«Российская газета».

● Къаугъэ

Зыкъым икIи тIукъым

Литвиненкэ къагъэсэбэпурэ, Инджылыз Ми-6-м (щэхурылажьэ ІуэхущІапІэ) езыр зыхишэну зэрыхэтам теухуауэ Луговой Андрей жиІахэр пэжу къыщІидз хуэдэщ. КъызэрыщІэкІамкІэ, ауэ жыжьэуи Луговой и закъуэкъым тІасхьэщІэххэм дашэхыну я мурадар. ФСБ-м щыхьэту къигъэувыфынущ нэгъуэщІ зы цІыхуи.

Литвиненкэ иукІауэ Инджылызым и Пащтыхь прокуратурэм игъэкъуаншэ Луговой Андрей пресс-конференц иригъэкІуэкІащ накъыгъэм и 31-м. Абы щыжиІащ МИ-6-м Литвиненки Березовскэри зэрапыщІар.

ПРОКУРАТУРЭ нэхъыщхьэм хуит зыкъыригъэщІри, ФСБ-м Луговой жиІахэр зэхигъэкІащ икІи «шпионаж» статьямкІэ уголовнэ Іуэху къиІэ тащ. Иджы дыдэ хъыбарегъащІэ агентствэ хэм къатахэм тепщІыхьмэ, ФСБ-р апхуэдэу щыгъуазэщ нэгъуэщІ зы цІыхуи зыхуагъэлэжьэну инджылызхэр зэрыхущІэкъуам.

ФСБ-р нахуэу абы тепсэлъыхьыркъым. Ауэ, Іуэхум хэзыщІыкІхэм зэрыжаІэмкІэ, а цІыхур езыр ШынагъуэншагъэмкІэ федеральнэ ІуэхущІапІэм екІуэлІащ пресс-конференцыр екІуэкІа иужь махуэ зыбжанэ дэкІри. ЯжриІащ зыхуагъэлэжьэну инджылызхэр зэрыхущІэкъуар. Шпионажым т еухуа уголовнэ Іуэхум ари хыхьэу къыщІэкІынкІэ хъунущ.

Сыт а цІыхур нэхъапэм ФСБ-м щІэмыкІуар? Шынэу къыщІэкІынт. Къыгурымы ІуагъэнкІи мэхъу Іуэхур зытетыр. Хуэбгъэфащэ хъунущ Инджылызым и цІыхухэр абы хъыбар гуэркІэ къелъэІуауэ. Абы яжриІэн идакъым, къэхъуари къыфІэІуэхуакъым. Луговой и пресс-конференцым иужькІэщ зыхашэ пэ та Іуэхур зыхуэдэр и щхьэм щынэсар.

Урысейм и цІыхухэр зыхуагъэлэжьэну зэрыхущІэкъум телъыджэ гуэри хэлъкъым. Апхуэдэ Іуэху ирагъэкІуэкІ дунейм тІасхьэщІэхыу тет псоми. Псалъэм и хьэтыркІэ, нэгъабэ и щыщхьэІум илъэс 13 тралъхьэри ягъэтІысащ Скрипаль Сергей. Ауэ абы ищІэжырт ищІэр. Ар шпион хъуащ. Хъыбар щэхухэр инджылызхэм яритырт. Апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм ахъшэшхуэ къыпэкІуэрт испан банкым ящыщ зым Скрипаль и цІэкІэ доллар минищэм щІигъу хэлът. Ар а банк закъуэм...

Луговой Андрей къызэрыщыгугъыр тІас хьэщІэх хъыбар къызэрыгуэкІхэртэкъым. Инджылызхэм псом хуэмыдэу къалъыхъуэр Путин Владимиррэ абы и унагъуэмрэ зыгъэулъиинухэрт. Ахэр Инджылызым и шынагъуэншагъэм сэбэп зэрыхуэхъуну щІыкІэр гурыІуэгъуэкъым, ауэ тІасхьэщІэххэр хуабжьу хуейт ди къэралым и унафэщІыр ягъэпудыну.

ДЕМЧЕНКЭ Владимир.
«Известия».

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.